ФИФІ ФЫМЫГЪЭПУД, ФИ ІЕЙ ФЫМЫГЪЭПЩКІУ

АДЫГЕ ХАБЗЭ

АДЫГСКОЕ СЛОВО

КъБР-м И ПАРЛАМЕНТЫМРЭ ПРАВИТЕЛЬСТВЭМРЭ Я ГАЗЕТ
ГАЗЕТА ПАРЛАМЕНТА И ПРАВИТЕЛЬСТВА КБР

1924 ГЪЭМ И МЭКЪУАУЭГЪУЭ МАЗЭМ И 1 ЛЪАНДЭРЭ КЪЫДОКІ

№238 (21.396) ● 2008 гъэм дыгъэгъазэм (декабрым) и 13, щэбэт ● Тхьэмахуэм тхуэ къыдокІ ● И уасэр соми 3-щ ●
adyghe@mail.ru
adyghepsale.ru

Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм ськрал кІуэцІ Іуэхуэхэмкіэ и органхэм я Іэнатіэ щхьэхуэхэм я лэжьакІуэхэм я къулыкъухэм пэкІуэу ират улахуэм хэгъэхъуэным и Іуэхукіэ

Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Президентым и Указ

«Федеральнэ къэрал граждан Іэнатіэм и къулыкъухэр зыІыгъ цІыхухэм я мазэ улахуэхэм хэгъэхъуэным и Іуэхукіэ» Урысей Федерацэм и Президентым 2008 гъэм фокІадэм и 21-м къыдигъэкІа Указ №1394-м, «Гъэзэщіакіуэ властым и федеральнэ органхэм я орган щхьэхуэхэм я лэжьакІуэхэу зыхъуэмэжыныгъэм, хабзэр хъумэным, къэралым и шынагъуэнщагъэр кьызэгъэпэщыным пыщІа кьалэнхэр зыгъэзэащІэхэм лэжьапщІэ зэрырат щІыкІэр гъэтэмэмыным и Іуэхукіэ» Урысей Федерацэм и Правительствэм 2000 гъэм дыгъэгъазэм и 30-м кьыдигъэкІа Унафэ №1027-м ямкь иткІи икІи Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм ськрал кІуэцІ Іуэхуэхэмкіэ и органхэм я Іэнатіэ щхьэхуэхэм я лэжьакІуэхэм ськрал Іуэхуэхэмкіэ и органхэм я Іэнатіэ щхьэхуэхэм я лэжьакІуэхэм ськрал Іуэхуэхэмкіэ и органхэм я Іэнатіэ щхьэхуэхэм я лэжьапщІэ зэрырат щІыкІэр гъэтэмэмыным и Іуэхукіэ» 2001 гъэм мэкъуаУэгъуэм и 18-м Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Президентым кьыдэкІа Указ №45-м ямкь иткІэ кьащтахэр хуэдэ 1,09-кІэ нэхъыбэ щІын. Улахуэхэм щыхагъахьуэкІэ ахьшэ жьгъей дэщІыгъуэр сомым нагъэс.

2. Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Правительствэм хуэгъэзыным мы Указыр гъэзэщІаным пыщІаІуэ зыхуеину ахьшэр Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и республикэ бюджетым и хьакъкІэ кьызэрагъэпэщыну.

3. Мы Указым кьару егъуэт Іэ щыщІэздза махуэм щегъэжьауэ икІи абы и кьарур ятохуэ 2008 гъэм жэпуэгъуэм и 1-м щыщІэдзауэ зэтеуа хабзэ зэхущытыкІэхэм.

Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Президент КЪАНОКЪУЭ Арсен

Налшык къалэ
2008 гъэм дыгъэгъазэм и 4-м
№131-УП

Къэбэрдей-Балъкъэрым и мэкъуэмышыІэхэм 2008 гъэм гъавэу, дзэщІэныгъэ тонн мин 600-м нэблагъэ кърахьэлІэжащ. Нэгъабэ елыитауэ ар процент 23-кІэ нэхъыбэщ. Махуэку кІуэм КъБР-м и Правительствэм иригъэкІуэкІа зэІущІэм апхуэдэу щыжиІащ КъБР-м мэкъуэмэш хозяйствэмрэ ерыскъыпхьэхэмкІэ и министрым и кьалэнхэр зыгъэзащІэ Дэхъу Валерий.

АБЫ кьыхигъэщхьэхукІащ нэгъабэ гъавэр лъапІэу зэращам и фІыщІэкІэ мэкъуэмэшыщІэхэм я финанс Іуэхуэхэр зэрефІэкІуар, абыхэм зыхуэфащэ агротехникэ Іуэхугъуэ псори и зэманым ирагъэкІуэкІыну Іэмал зэрагъэгъуэтар. Жылапхъэ хэплъыпхьаХэр, щыІэпшэрхэр кьызэрагъэсэбэпар, узыфэхэм зэрапэщІэтар, дунейм и щытыкІари зэрыхьарзынэр абыхэм хэплъхьэжмэ, гурыІуэгъуэщ дыдэ зэрыт илъэсым мэкъумэш хозяйствэм и Іуэхуэр нэрылъагъуу щефІэкІуам и щхьэусыгъуэхэр.

ИкъукІэ бэгъуащ хьэщэпэщэ кьэкІыгъэхэрІ. Нэгъабэ елыитауэ процент 35-кІэ нэхъыбэ, зэрыщыту кьапщтэмэ, тонн мин 342-рэ, абы щыщу гуэдзу тонн мин 256-рэ кьрахьэлІэжащ.

Гъавэр кІэрыхуншэу зэщІакъуэжьфащ дизель гъэсыныпхьэр нэхъ лъапІэ зэрыхъуам, гъавэм и уасэм зэрыкІэрыкуам щхьэнЗ кьэмынэу. Мы гъэм гъавапхьэу нартыхуэ тонн мин 258-рэ, сэхурану тонн мин 33-рэ, кІэртІофу тонн мин 200, хадэхэмІыу тонн мин 293-рэ, пхъащхьэмыщхьэу тонн мини 121-рэ кьрахьэлІэжащ. А псори нэхъыбэщ нэгъабэ ягуэзфІэкІахэм нэхъ-рэ.

Доклад зыщІам кьыхигъэщащ мэкъумэшыщІэхэм кьагъэсбэпа ахьшэм и щыщ Іыхьэ зэрыхуапшыныжам цІыхухэм я лъэр нэхъ жан зэрыщІар. Кьапщтэмэ, минеральнэ щыгъэпшэрхэр кьызэрахуам трагъэкІуэдам щыщу сом мелуан 12,5-рэ, элитэ жыІэр кьэщэхуным трагъэкІуэдам щыщу сом мелуани 8-м щІигъу, илъэс куэдкІэ кьэкІыгъэхэр хэсэнымрэ зехьэнымрэ трагъэкІуэдам щыщу сом мелуани 10,7-рэ, мэкъумэш страхованэ егъэкІуэкІыным трагъэкІуэдам щыщу сом мелуан 60 иратыжащ. МэкъумэшыщІэхэм дизель гъэсыныпхьэр кьэщэхуным трагъэкІуэдам щыщу иджыри сом мелуан 30 хуэдиз хуапшыныжынущ.

Республикэм и мэкъумэш хозяйствэм псори зэхэту мы гъэм сом мелард 20 хуэдиз и уасэ гъавэ кьрихьэлІэнущ.

Ильэсым кьрикІуахэм я гугъу щищым, КъБР-м и Правительствэм и Унафэщі **Ярин Андрей** жиІащ Къэбэрдей-Балъкъэрым гъавэу тонн мин 600 кьыщрихьэлІэ кьэдрэ кьызэрымыхьур. Абы кьыдэкІуэу Правительствэм и Унафэщым кьыхигъэщащ Мэкъумэш хозяйствэмрэ ерыскъыпхьэхэмкІэ министрствэм рынокым и щытыкІэнур нэхъ егупуу иджыпкІи икІи абы кьрикІуэхэм мэкъумэшыщІэхэр щыгъуазэ щІыну зэрыхуейр. «ЗэрыгуфІуэгъуэщи, дэ хьэрычэт Іэжьакіуэр хэдгъэзыхьыну, абы хисэнури зэрыхисэнури жетІэну дыхуиту кьыщІэкІынкъым, ауэ зэман гъунэгъум рынокым и щытыкІэнум дэтхэнэ мэкъумэшыщІэри щыдгъэгъуэзэну ди кьалэнщ», - кьыхигъэщащ Яриным.

МЕЧИЕВ Асхьэт,
КъБР-м и Президентымрэ Правительствэмрэ я пресс-Іуэхущ Іапэм и лэжьакІуэ.

Темыркъан Хьэту и къуэ Юрэ и зэфІэкІым хуэдэ зиІэ дирижер дуней псом теткъым. Ар куэд щІауэ гъуазджэм и лэжьакІуэхэм, музыкэ критикхэм жаІэ, ятх.

Адыгэлі щыпкъэм, Маэстрэ тельыджэм теухуащ нобэрей ди газетым и гуэдзэныр. Напэкіуэці 12 хъу кьыдэкІыгъуэр музыкэ, адыгэбзэ езыгъэджэм, щэнхабзэм и лэжьакІуэхэм сэбэп кьыфхуэхьуну дыщогугъ.

●КъБР-м и Правительствэм

КъБР-м гъавэ тонн мин 600 къыщрахьэлІэжащ

Темыркъан Хьэту и къуэ Юрэ и зэфІэкІым хуэдэ зиІэ дирижер дуней псом теткъым. Ар куэд щІауэ гъуазджэм и лэжьакІуэхэм, музыкэ критикхэм жаІэ, ятх.

Адыгэлі щыпкъэм, Маэстрэ тельыджэм теухуащ нобэрей ди газетым и гуэдзэныр. Напэкіуэці 12 хъу кьыдэкІыгъуэр музыкэ, адыгэбзэ езыгъэджэм, щэнхабзэм и лэжьакІуэхэм сэбэп кьыфхуэхьуну дыщогугъ.

Щыщдагъэм и уасэм хохъуэжь

Дунейпсо биржэхэм щыдагъэм и уасэм проценти 10-м щІигъукІэ щыхэхъуэжащ. ОПЕК-м и хьухъэ къэралхэм я гъэсу, Урысеимри щІыдагъэу нэхъ мащІэщ нщэнгу дагъэгъазэм и 17-м кьыщыщІэдзауэ.

ЗэрыхуагъэфащэмкІэ, аращ трейдерхэм я Іуэху еІпыкІэм зезыгъэхъуэжари. Иджы Нью-Йорк биржэм зы баррелым щиуасэщ доллар 47,98-рэ, Лондон биржэм - доллар 47,39-рэ. Абыхэм щІыдагъэ уасэм щыхэхъуащ доллари 4,30-м щІигъу.

Къэралыр ядэІэпыкъунукъым

США-м и сенатым щыпащэ, демократхэм ящыщ Рид Гарри жиІащ Уолл-стрит щыІэ финанс рынокхэм уасэхэр щрадыхьинкІэ щынагъуэ зэрыщІэр, ар ирагъэкІуэкІ щыщІэзыгъэкІ Іэнатіэм доллар мелард 14-кІэ къэралыр хуэунэТІа законым и проектыр сенаторхэм зэрыпэсхамытъэкІар къыдыгъэу.

ІэІэт нэужым, США-м и конгрессым і ЫкІыуэхэмкІэ и пІалатэм и спикер, демократ Пелоси Нэнси къыпыташ проектыр щыдымыгъэкІа республиканцхэм жэуапльныгъэр зищысыр ямыщІэу, экономикэ и лъэныкъуэкІэ къэралыр гугъу зэрэхъыр ялъагъуну щыхуэмейкІэ. «Республиканцхэм ящІар ди экономикэр зэтезыхьуэ удын хъунущ», - жиІащ абы.

Меркели едэ

Евросоюзым хыхьэ къэрал 27-м я унафэщІхэр Брюссель (Бельгие) щытепсэлъыхьащ дуней щытыкІэ-энергетикэ пакетым.

Абы къегъэуп 1999 гъэм елъытауэ, хьэуам хауТІыпщхьэ промышленнэ фІейр 2020 гъэм ирихьэлІэу процент 20-кІэ гъэмащІэу щагъэуащ. А Іуэхугъуэр нэхъ зымыдэр Германием и канцлер Меркель Ангелэт, ауэ абыхэм зэІущІэм къыщиІэтыгащ пакетым Іэ щІэдзыным уцІытегушхуэ хъун Іуэхугъуэхэр щыІэу.

Евросоюзым хыхьэ къэралхэм я унафэщІхэр а зэІущІэм иджыри щызэгурыІуащ я экономикэм зиужьын папщІэ зэгъусэу алэжьыну ІуэхугъуэхэмкІэ. Еврокомиссэм къыхихьэщащ абы папщІэ евро мелард 200 кьагъэсбэпын хуейуэ. А бжыгъэм щыщу евро мелардитІ 170-р къэралхэм зэхадзэнущ, адрей мелард 30-р кьыхахьынущ ЕС-м и щыналъэ организацэм и бюджетым.

Зауэм зыхуагъэхьэзыр

США-м и Президент Буш Джордж унафэ щІащ къэралым и сату ихъухь пэрм тенджыз ФІыцІэм мыкІуэ щыкІэ страховкэм и тхыльхэр Іэмал имыІэу хуэзрагъэпэщыну.

А унафэр гъэжьнущ 2009 гъэм и гьатхэпэ пщІондэ. Америкэм и унафэщІхэм зэумысыжащ ар Курржым кьыщыхъу Іуэхуэхэм зэрыпыщІар, абы къыщІэху Іэщэр езышалІэр США-м и сату флотращ. Экспертхэм зэрыхуагъэфащэмкІэ, Америкэм зауэщІэ Курржым щетхъхьэзыр, абыхэр Украинэмрэ НАТО-м хэщэным и щхьэусыгъуэщІэхэр зэригъэпэщу. А зауэм щІымахуэм щІидзэнкІэ хъунущ, сыту жыпІэмэ Урысейм и танкхэрэ уэс кум и зэранкІэ псынщІэу яхуэгъэпэхьуэнукъым, тенджыз ФІыцІэм тет кхъухьхэм я ракетэхэр Москва нэсынущ, США-р Курржым кьыщІэщыну телгущхэмэ.

Апхуэдэ гурыщхъуэр кьызэщІегъапІъэ Украинэм зыхьумэжыныгъэмкІэ и министрым и унафэкІэ Іэщэкіэ зэщІэзыхуэда къарухэр Урысейм и къэрал гъунапкъэм кьызэрырашалІэмрэ НАТО-м и къарухэр Украинэм и щІыналъэм зэрыкІыну хунт кьэзыщІэ зэгурыІуэныгъэм Іэ зэрыщІадзамрэ.

(РИА-НОВОСТИ).

Мы махуэхэм

Дыгъэгъазэм и 13, щэбэт

◆Мальтэ Республикэм и лъэпкъ гуфІэгъуэщ - 1974 гъэм ар къэрал щхьэхуэ хъуащ.

◆1943 гъэм фашист зэрыпхъуакІуэхэм я щІэщІэуэкІа щыху мамырхэм я фэепль махуэу Аныдэжьым щагъэуващ. А гъэм Къалэдыдэр Германием и канцлер Меркель Ангелэт, ауэ абы зэІущІэм къыщиІэтыгащ пакетым Іэ щІэдзыным зэтраукІат зауэ Іуэху хэмыхьэу псэу цІыху 800-м щІигъу.

◆Йоханнесбург (ЮАР) щекІуэкІынущ «Мисс Мира» зи фІэщыгъэщІэ дахагъэм и зэхьэзэхуэ.

◆Дыгъэр кьыщІэкІащ сыхьэти 7-рэ дакьикьэ 32-м, кьухьэжьынущ сыхьэт 16-рэ дакьикьэ 30-м.

◆Махуэм и кІыхьагъщ сыхьэти 8-рэ дакьикьэ 58-рэ.

Дыгъэгъазэм и 14, тхьэмахуэ

◆ Чернобыль къыщыхъуэ аварием и Іуэхьэр зэрыкІуэдахэр щагъэльапІэ махуэщ. Ар Украинэм и Президентым 2006 гъэм и щэкІуэгъуэм кьищта ямрэ ипкъ иткІэ зэгъуэгъащ.

◆Таиланд щекІуэкІынущ Ипщэ-КъухьэпІэ Азием и къэралхэм я Ассоциацэм хэтхэм я унафэщІхэм я 14-нэ зэІущІэ. КъищынэмыщІауэ, абы щызэІущІэнущ Японием, Китаим, Кореем Ипщэм я унафэщІхэр.

◆Тыркуэмыш и Меджлисым (парламентым) и депутатхэр хахынущ.

◆Дыгъэр кьыщІэкІынущ сыхьэти 7-рэ дакьикьэ 32-м, кьухьэжьынущ сыхьэт 16-рэ дакьикьэ 30-м.

◆Махуэм и кІыхьагъщ сыхьэти 8-рэ дакьикьэ 58-рэ.

Дыгъэгъазэм и 15, блыщІхьэ

◆Илъэс 30 хьуащ ООН-м и Генеральнэ Ассамблеем и Декларацэ кьыхэзрищтэр.

◆Дыгъэгъазэм и 15-18-хэм Страсбург (Франджы) щызэхэтынущ Европарламентым и сессиер. Дыгъэгъазэм и 16-м Европарламентым щатыжынущ цІыхум и хуитыныгъэхэр хъуэхэным зэрыкІыну хунт кьэзыщІэ зэгурыІуэныгъэм Іэ зэрыщІадзамрэ.

◆Кьэзан (Тэтэрстаным) щекІуэкІынущ муслтьымэн щыгъынхэмкІэ япэ урысейпсо зэпеуэ.

◆Дыгъэр кьыкьуэкІынущ сыхьэти 7-рэ дакьикьэ 33-м, кьухьэжьынущ сыхьэт 16-рэ дакьикьэ 30-м.

◆Махуэм и кІыхьагъщ сыхьэти 8-рэ дакьикьэ 57-рэ.

Планэтэр зыгъэхьэзырыр ГЪУЩІО Зарифи.

Къэбэрдей-Балъкъэрым и мэкъумэшыщІэхэм 2008 гъэм гъавэу, дзэщІэныгъэ тонн мин 600-м нэблагъэ кърахьэлІэжащ. Нэгъабэ елыитауэ ар процент 23-кІэ нэхъыбэщ. Махуэку кІуэм КъБР-м и Правительствэм иригъэкІуэкІа зэІущІэм апхуэдэу щыжиІащ КъБР-м мэкъуэмэш хозяйствэмрэ ерыскъыпхьэхэмкІэ и министрым и кьалэнхэр зыгъэзащІэ Дэхъу Валерий.

АБЫ кьыхигъэщхьэхукІащ нэгъабэ гъавэр лъапІэу зэращам и фІыщІэкІэ мэкъуэмэшыщІэхэм я финанс Іуэхуэхэр зэрефІэкІуар, абыхэм зыхуэфащэ агротехникэ Іуэхугъуэ псори и зэманым ирагъэкІуэкІыну Іэмал зэрагъэгъуэтар. Жылапхъэ хэплъыпхьаХэр, щыІэпшэрхэр кьызэрагъэсэбэпар, узыфэхэм зэрапэщІэтар, дунейм и щытыкІари зэрыхьарзынэр абыхэм хэплъхьэжмэ, гурыІуэгъуэщ дыдэ зэрыт илъэсым мэкъумэш хозяйствэм и Іуэхуэр нэрылъагъуу щефІэкІуам и щхьэусыгъуэхэр.

ИкъукІэ бэгъуащ хьэщэпэщэ кьэкІыгъэхэрІ. Нэгъабэ елыитауэ процент 35-кІэ нэхъыбэ, зэрыщыту кьапщтэмэ, тонн мин 342-рэ, абы щыщу гуэдзу тонн мин 256-рэ кьрахьэлІэжащ.

Гъавэр кІэрыхуншэу зэщІакъуэжьфащ дизель гъэсыныпхьэр нэхъ лъапІэ зэрыхъуам, гъавэм и уасэм зэрыкІэрыкуам щхьэнЗ кьэмынэу. Мы гъэм гъавапхьэу нартыхуэ тонн мин 258-рэ, сэхурану тонн мин 33-рэ, кІэртІофу тонн мин 200, хадэхэмІыу тонн мин 293-рэ, пхъащхьэмыщхьэу тонн мини 121-рэ кьрахьэлІэжащ. А псори нэхъыбэщ нэгъабэ ягуэзфІэкІахэм нэхъ-рэ.

Доклад зыщІам кьыхигъэщащ мэкъумэшыщІэхэм кьагъэсбэпа ахьшэм и щыщ Іыхьэ зэрыхуапшыныжам цІыхухэм я лъэр нэхъ жан зэрыщІар. Кьапщтэмэ, минеральнэ щыгъэпшэрхэр кьызэрахуам трагъэкІуэдам щыщу сом мелуан 12,5-рэ, элитэ жыІэр кьэщэхуным трагъэкІуэдам щыщу сом мелуани 8-м щІигъу, илъэс куэдкІэ кьэкІыгъэхэр хэсэнымрэ зехьэнымрэ трагъэкІуэдам щыщу сом мелуани 10,7-рэ, мэкъумэш страхованэ егъэкІуэкІыным трагъэкІуэдам щыщу сом мелуан 60 иратыжащ. МэкъумэшыщІэхэм дизель гъэсыныпхьэр кьэщэхуным трагъэкІуэдам щыщу иджыри сом мелуан 30 хуэдиз хуапшыныжынущ.

Республикэм и мэкъумэш хозяйствэм псори зэхэту мы гъэм сом мелард 20 хуэдиз и уасэ гъавэ кьрихьэлІэнущ.

ИльэсымкІуахэм я гугъу щищым, КъБР-м и Правительствэм и Унафэщі **Ярин Андрей** жиІащ Къэбэрдей-Балъкъэрым гъавэу тонн мин 600 кьыщрихьэлІэ кьэдрэ кьызэрымыхьур. Абы кьыдэкІуэу Правительствэм и Унафэщым кьыхигъэщащ Мэкъумэш хозяйствэмрэ ерыскъыпхьэхэмкІэ министрствэм рынокым и щытыкІэнур нэхъ егупуу иджыпкІи икІи абы кьрикІуэхэм мэкъумэшыщІэхэр щыгъуазэ щІыну зэрыхуейр. «ЗэрыгуфІуэгъуэщи, дэ хьэрычэт Іэжьакіуэр хэдгъэзыхьыну, абы хисэнури зэрыхисэнури жетІэну дыхуиту кьыщІэкІынкъым, ауэ зэман гъунэгъум рынокым и щытыкІэнум дэтхэнэ мэкъумэшыщІэри щыдгъэгъуэзэну ди кьалэнщ», - кьыхигъэщащ Яриным.

МЕЧИЕВ Асхьэт,
КъБР-м и Президентымрэ Правительствэмрэ я пресс-Іуэхущ Іапэм и лэжьакІуэ.

Щыщдагъэм и уасэм хохъуэжь

Дунейпсо биржэхэм щыдагъэм и уасэм проценти 10-м щІигъукІэ щыхэхъуэжащ. ОПЕК-м и хьухъэ къэралхэм я гъэсу, Урысеимри щІыдагъэу нэхъ мащІэщ нщэнгу дагъэгъазэм и 17-м кьыщыщІэдзауэ.

ЗэрыхуагъэфащэмкІэ, аращ трейдерхэм я Іуэху еІпыкІэм зезыгъэхъуэжари. Иджы Нью-Йорк биржэм зы баррелым щиуасэщ доллар 47,98-рэ, Лондон биржэм - доллар 47,39-рэ. Абыхэм щІыдагъэ уасэм щыхэхъуащ доллари 4,30-м щІигъу.

Къэралыр ядэІэпыкъунукъым

США-м и сенатым щыпащэ, демократхэм ящыщ Рид Гарри жиІащ Уолл-стрит щыІэ финанс рынокхэм уасэхэр щрадыхьинкІэ щынагъуэ зэрыщІэр, ар ирагъэкІуэкІ щыщІэзыгъэкІ Іэнатіэм доллар мелард 14-кІэ къэралыр хуэунэТІа законым и проектыр сенаторхэм зэрыпэсхамытъэкІар къыдыгъэу.

ІэІэт нэужым, США-м и конгрессым і ЫкІыуэхэмкІэ и пІалатэм и спикер, демократ Пелоси Нэнси къыпыташ проектыр щыдымыгъэкІа республиканцхэм жэуапльныгъэр зищысыр ямыщІэу, экономикэ и лъэныкъуэкІэ къэралыр гугъу зэрэхъыр ялъагъуну щыхуэмейкІэ. «Республиканцхэм ящІар ди экономикэр зэтезыхьуэ удын хъунущ», - жиІащ абы.

Меркели едэ

Евросоюзым хыхьэ къэрал 27-м я унафэщІхэр Брюссель (Бельгие) щытепсэлъыхьащ дуней щытыкІэ-энергетикэ пакетым.

Абы къегъэуп 1999 гъэм елъытауэ, хьэуам хауТІыпщхьэ промышленнэ фІейр 2020 гъэм ирихьэлІэу процент 20-кІэ гъэмащІэу щагъэуащ. А Іуэхугъуэр нэхъ зымыдэр Германием и канцлер Меркель Ангелэт, ауэ абы зэІущІэм къыщиІэтыгащ пакетым Іэ щІэдзыным зэтраукІат зауэ Іуэху хэмыхьэу псэу цІыху 800-м щІигъу.

◆ Йоханнесбург (ЮАР) щекІуэкІынущ «Мисс Мира» зи фІэщыгъэщІэ дахагъэм и зэхьэзэхуэ.

◆Дыгъэр кьыщІэкІащ сыхьэти 7-рэ дакьикьэ 32-м, кьухьэжьынущ сыхьэт 16-рэ дакьикьэ 30-м.

◆Махуэм и кІыхьагъщ сыхьэти 8-рэ дакьикьэ 58-рэ.

Дыгъэгъазэм и 14, тхьэмахуэ

◆ Чернобыль къыщыхъуэ аварием и Іуэхьэр зэрыкІуэдахэр щагъэльапІэ махуэщ. Ар Украинэм и Президентым 2006 гъэм и щэкІуэгъуэм кьищта ямрэ ипкъ иткІэ зэгъуэгъащ.

◆Таиланд щекІуэкІынущ Ипщэ-КъухьэпІэ Азием и къэралхэм я Ассоциацэм хэтхэм я унафэщІхэм я 14-нэ зэІущІэ. КъищынэмыщІауэ, абы щызэІущІэнущ Японием, Китаим, Кореем Ипщэм я унафэщІхэр.

◆Тыркуэмыш и Меджлисым (парламентым) и депутатхэр хахынущ.

◆Дыгъэр кьыщІэкІынущ сыхьэти 7-рэ дакьикьэ 32-м, кьухьэжьынущ сыхьэт 16-рэ дакьикьэ 30-м.

◆Махуэм и кІыхьагъщ сыхьэти 8-рэ дакьикьэ 58-рэ.

Дыгъэгъазэм и 15, блыщІхьэ

◆Илъэс 30 хьуащ ООН-м и Генеральнэ Ассамблеем и Декларацэ кьыхэзрищтэр.

◆Дыгъэгъазэм и 15-18-хэм Страсбург (Франджы) щызэхэтынущ Европарламентым и сессиер. Дыгъэгъазэм и 16-м Европарламентым щатыжынущ цІыхум и хуитыныгъэхэр хъуэхэным зэрыкІыну хунт кьэзыщІэ зэгурыІуэныгъэм Іэ зэрыщІадзамрэ.

◆Кьэзан (Тэтэрстаным) щекІуэкІынущ муслтьымэн щыгъынхэмкІэ япэ урысейпсо зэпеуэ.

◆Дыгъэр кьыкьуэкІынущ сыхьэти 7-рэ дакьикьэ 33-м, кьухьэжьынущ сыхьэт 16-рэ дакьикьэ 30-м.

◆Махуэм и кІыхьагъщ сыхьэти 8-рэ дакьикьэ 57-рэ.

Планэтэр зыгъэхьэзырыр ГЪУЩІО Зарифи.

Лъэпкъ Іущыгъэ:

Хьэлэлыр зэрыпщІэр и хабзэщ.

ПсэупІэхэмкІэ кьыдэрагъэпэщ

АДЫГЕЙ. ***ЩІыналъэм и Президент Тхьэкіэушынэ Аслъэнджэрий иджыдагъэ иригъэкІуэкІа интернет-конференцым щыжиІаш социальнэ псэупІэхэр яухуэн щхьэкІэ республикэ, муниципальнэ бюджетхэм иджыпстукІэ ахьшэ кьызэрамыутІыпщыфынур.***

ТХЬЭКІУШЫНЭ Аслъэнджэрий зэрыжиІамкІэ, хуэмыдыдаІуэ псэухэм я псэупІэхэр егъэфІэкІуэнымкІэ щрагъэкІуэкІ лэжьыгъэр федерал, щІыналъэ программэхэм хэтщ.

Псалъэм папщІэ, «ПсэупІэ» федерал целевой программэм ипкъ иткІэ, ахьшэ субсидиехэр ират дзэм кьулыкъу щызыщІахэу пенсэ ягъэкІуахэм, Северым щылэжьахэм, Чернобыль щыІахэм, нэгъуэщІхэмри. 2006 гъэм щегъэжьауэ къэрал дэІэпыкъуныгъэхэр ягъуэт ветеранхэм, ныкъуэдыкъуэхэм, сабий зеинщІэхэм, унагъуэщхэм.

«УнагъуэщІхэр псэупІэкІэ кьызэрагъэпэщын» программэмкІэ 2006 - 2008 гъэхэм псэупІэхэр ираташ унагъуи 157-м.

Ныкъуэдыкъуэхэм я Іуэхукіэ

КЪЭРЭШЕЙ-ШЭРДЖЭС. ***Республикэм ныкъуэдыкъуэхэм я Іуэхуэхэм и нэІэ тезыгъэтыну совет кьызэрагъэпэщынущ. Абы теухуауэ иджыблагъэ «стІол хьурей» КъЩР-м ЛъэжьыгъэмкІэ и министерствэм щекІуэкІащ.***

ЗэІущІэм хэтащ республикэм и министерствэхэм, ведомствэхэм, ныкъуэдыкъуэхэм я жылагъуэ зэгухьэныгъэхэм я лЫкІуэхэр. Ахэр тепсэлъыхьащ ныкъуэдыкъуэхэр зыхуей-зыхуэфІкІэ кьызэрэпэщащ хъуным, абыхэм я хуитныгъэр зыхуэмным, сабий нэфхэм щхьэкІэ ефкапІэ зэрыщымыІэм, нэгъуэщІхэмри.

ХЬЭЩЫКЪУЕЙ Олег.

Жыжьэ - гъэнэгъу | Зэгуэгъэр | Мальхъэзыр
КЪЭБЭРДЕЙ
Іуэрыіуатэ | Щбэт кьыдэкІыгъуэ | Тхыдэ

● Хъуэхъу

Артист гуащІафІэ

Урысей Федерацэмрэ Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэмрэ щІыхь зиІэ я артист Балъкъыз Валерэ и ныбжьыр дыгъэбзаэм и 12-м ильэс 60 ирикъуащ.



ЦІыхухэм фІыуэ яльагъу, пщІэ зыхуащІ артистым сценэм кьыщыгъэщІа образхэр зыхуэбгъадэ хъун щымыІэщ. Псалъэм папщІэ, апхуэдэщ Аграновский В. и «Малаховыр кьэзгъэувыІэ» (Малаховым и ролыр игъэзащІэу), Пэш Р. и «Ушэх зыщ» (Старбак Билл), Булгаков М. и «Хьэм игу» (Шариков), Дударев А. и «Рядовые» (Дугин), Горин Григорий и «Кин IV» (Кин IV) спектаклхэм ар зэрыщыджэгуар.

КъБР-м и телевиденэм и диктор, Горький Максим и цІэр зезыхьэ Къэбэрдей-Балъкъар урыс театрым и актер, ГъуаздэжэмкІэ Кавказ Ищхьэрэ къэрал институтым и актер гупым я егъэджакІуэ, я художественнэ унафэщІ, Адыгэ драмэ театрым и унафэщІ икІи и артист гъэжьнгъэ Іэнатіэхэр езыхьэкІа Балъкъыз Валерэ сыт хуэдэ Іуэхуэм хуэЗнижьщ. Абы хуэзфІэкІащ сценэ образу 90-м щІигъу кьыгъэщІын, театр спектаклу 67-м, телепостановкэ 18-м, телевизионнэ, художественнэ фильму 7-м щыджэгун.

Къэбэрдей-Балъкъэр, Адыгей, Абхъаз республикэхэм Щэнхабзэмрэ хъыбарегъащІэ Іэнатіэхэмкіэ я министерствэхэм я лэжьакІуэ щІэныгъэ щІэныгъэ ящІ и Къэбэрдей-Балъкъэр урыс театрым и актер, Гъуаздэжэмкіэ Кавказ Ищхьэрэ къэрал институтым и профессор **Гъэсашэ Наталье.**

- «Ставрополье» ансамблыр сэ ильэшищІым щІигъуаУэ соцІыху, мыхъ-мыТІэу зэгъусэу утыку дыкьыздэдыхьащ, Къэбэрдей-Балъкъэрми Ставрополь крайми я кьалэ куэдым концертхэр щыІтащ, - жеІэ Гъэсашэ Наталье. - Абы кьыхигъэщащ Ставрополь щыщ артистхэм дэлэжьныным кьыпыхьащэ зэриІнури: «Ставрополье» ансамблым и художественнэ унафэщІ Громаков Иван уэрэджьІакІуэ цІэрыІуэр иригъэблэгъащ гупым и вокалистхэм мастер-класс ядригъэжьІыну.

Къэзакъ уэрэдхэмрэ кьафэмкІэ «Ставрополье» къэрал ансамблым и концертхэр дыгъэгъазэм и 14-м сыхьэт 18-м щІидзэу Прохладнэ къалэм Щэнхабзэмкіэ и Унэм, дыгъэгъазэм и 15-м (щыщІидзэнур сыхьэт 19-рщ) Налшык дэт Музыкэ театрым щекІуэкІынущ. Программэм хэтщ Урысейм и Къэрал гъунэгъуэхэмрэ щыпсэу къэзакъхэм я кьафэхэмрэ уэрэдэмрэ, пасэрей адыгэ кьафэхэр, кІэрей, журт, тырку кьэфэкІэхэр.

НЫБЭЖЬ Танэ.

● Щэнхабзэ

Зэныбжьэгъугъэм и пшыхь

КъБР-м Щэнхабзэмрэ хъыбарегъащІэ Іэнатіэхэмкіэ и министерствэм кьызэригъэщІауэ дыгъэгъазэм и 14 – 15 махуэхэм Налшык, Прохладнэ къалэхэм щекІуэкІынущ «Кавказ лъэныкъэм я зэныбжьэгъугъэм и пшыхь».

УФ-м щІыхь зиІэ и артист **Громаков Иван** зи художественнэ унафэщІ икІи балетмейстер нэхъыщхьэ, къэзакъ уэрэдхэмрэ кьафэмкІэ «Ставрополье» къэрал ансамблым и концертым хэтынущ адыгэ уэрэджьІакІуэ цІэрыІуэ, УФ-м и цІыхубэ артисткэ, Гъуаздэжэмкіэ Кавказ Ищхьэрэ къэрал институтым и профессор **Гъэсашэ Наталье.**

КъБР-м Щэнхабзэмрэ хъыбарегъащІэ Іэнатіэхэмкіэ и министерствэ, Къэбэрдей Адыгэ Хасэ, «Адыгэ псалъэ» газетым и редакцІэ, Театрым и лэжьакІуэхэм я союз.

«Іуащхьэмахуэр» фІыкІэ къыфщогугъ

Литературэр фІыуэ зылъагъэхэр, адыгэ щэнхабзэм и зыужьыкІэм кІэльыплъхэр зэрыщыгъуазэщи, «Іуащхьэмахуэ» журналым къыдэкІын зэрыщІидзэрэ лІэщІыгъуэ ныкъуэ зэрырикъуар ехьэжьауэ ди республикэм щагъэлъэпІащ мы гъэм. Илъэсыр кьызэрихьэу журналым и юбилейм хуэфащэ гулъытэ щыхуащІу щІадзащ. Къэбэрдей-Балъкъэрым и куейхэмри. Апхуэдэ зэІущІэхэр гъэщІэгъуэну щекІуэкІащ. Бахъсэн, Шэджэм, Шэрэдж, нэгъуэщІ районхэми кьалэхэми.

АПХУЭДЭ зэхьыхьэхэм щытепсэльыхьащ лІэщІыгъуэ ныкъуэм кьриубыдэу «Іуащхьэмахуэ» журналым кьикІуэ гъуэгуанэм, абы и лъэныкъуэкІэ щэнхабзэм кьыхэнар зыхуэдэм. А зэІущІэ тельыджэхэр гукъынэжу кьызэрызэгъэпэщащ, дауи, гуапэ тщыхьурт, ди ур хигъахьэурт редакцэм и лэжьакІуэхэми ди гъусэу ныдджэжь тхакІуэхэми. Журналым и юбилейр гъэльэпІэным цІыху нэхъыбэ кьыхэшэным зэманышхэрэ лэжьыгъэшхэрэ ирихьэлІат «Іуащхьэмахуэм» и редактор нэхъыщхьэу илъэс 17-м щІигъукІэ лэжьа, псоми гущІыхь ин тщыхьУу иджыблагъэ дунейм ехьжа Іут

Урысей Федерацэм и Конституцэр илъэс 15 ирокъу

● Ди псэлъэгъуэхэр

Бечелов Ильяс

Къэралым ис цIыхухэм я хуитыныгъэхэр къызэгъэпэщынымкIэ шэсыпIэу щыт Закон Нэхъыщхьэр - Урысей Федерацэм и Конституцэр - 1993 гъэм дыгъэгъазэм и 12-м къыщыгъуэ щытащ. А махуэр уэрэд ящытымрэ жылагъуэмрэ я зэхуэдитыкIэщхьэм дыхуэзышэ лъэхъэнэм и цIэндзапIэу.

Мы гъэм къэралым и Закон Нэхъыщхьэр илъэс 15 ирикъуащ. УФ-м и Конституцэм и юбилейм и пэ къихуэу дэ КъБР-м и Парламентым и УнафэщI Бечелов Ильяс дельэIуащ упщIэ зыджанэм жуэап къыритыну.

- УФ-м и Конституцэр къэщтэныр сыт хуэдэ мурадхэм яхуэунэтIауэ щытащ, а Закон Нэхъыщхьэм и купщIэр дауэ къыдэзрыбгурыIуэн хуейр?

- ЗэрыгурыIуэгъуэщи, къэралым и Закон Нэхъыщхьэм еубзыху жылагъуэ, къэралгъэпсыкIэм и хабзэхэр. Конституцэм юридическэ къару нэхъыщхьэр бгъэдальэ, апхуэдэу щыщыткIэ, Урысейм и закон псори абы езэгъыу щытын хуейщ.

1993 гъэм Урысей Федерацэм и Конституцэр фIэкIынIэ имыIэу хъащтэн хуей хъуащ политикэ зэныкъэжъхэмрэ къэралым и Iэнатlэ зэмыпIэлъужьыгъуэхэм я зэпэщIэтыныгъэмрэ къызэранэкIын папщIэ. Къэгъэльэгъуапхъэщ, президент унафэр щытепщэ къэралхэмэ парламентхэр унафэщI нэхъыщхьэу щыщыт къэралхэмэ зэрыщыгъэувам хуэдэу, ди дежи властым и Iэнатlищыр - законкэр къыдэзыгъэкI Iэнатlэр, гъэзэщIакIуэ Iэнатlэр, суд Iэнатlэр зэпыгъэщхьэхуIныныр и лъабжьэу властыр гъэпсынымэ УФ-м и Конституцэщхьэм и зэхэтыкIэр зэрыхуэгъэпсар.

А хабзэ дыдэр - законкэр къыдэзыгъэкI, гъэзэщIакIуэ, суд Iэнатlэхэр зэпэгъэщауэ властыр лэжьэныр - щыгъуэращ Урысей Федерацэм и Конституцэм и 10 статьям. Властым и Iэнатlэ псори езыхъэм къабгъэдэхуэ къвлэнгъэр ягъэзэщIэныжмкIэ зыми унафэ къыхуамыщIу, щхьэхуиту щытщ. Ауэ абы къикIыркъым ахэр зэгурыIуэн, зэдэIэпыкъужьын хуэмейуэ. Властым и Iэнатlэхэр зэрызэдлэжьэн хуей щыкIэрэ хабзэхэрэ и Конституцэм кърубгъэ уэзыхуащ.

УФ-м и Конституцэм зэлухаугъэ къыщыгъэльэгъуащ цIыхум и хуитыныгъэхэр къызэгъэпэщыныр Закон Нэхъыщхьэр зытелажьэ мурад хэхуэу зэрыщытыр. Абы игъэува хабзэхэм я лъабжьэр къэралым и цIыхухэм я демократическэ щхьэхуитыныгъэхэмрэ цIыхухэм я сэфэт зыхэлъхэр къызэрэпэщынымрэщ. Дэтхэнэ закоми и купщIэр зыитеуауэ щытыпхъэр цIыхухэм я хуитыныгъэхэмрэ щхьэхуитыныгъэхэмрэ хъумэнэр, псэуIэр егъэдIэкIуэныр къызэгъэпэщынымрэ. А мурадхэм яхуэунэтIауэ къэльытапхъэщ Урысей Федерацэм и Президент Медведев Д.А. и жэрдэмкIэ Закон Нэхъыщхьэм халъхьэ зэхъуэкIыныгъэхэр. Президентымрэ Къэралым Думэмрэ зэрылэжьэну пIалъэхэр нэхъыбэ щIынымрэ фIэкIынIэ имыIэу дыхьэхуэгъэ къыщIэкIынымрэ. Ар зэрытэмэныр къэралым зызыжьакъэм я щапхъэхэм къегъэльагъуэ.

- Дэтхэнэ цIыхури къэралым и Конституцэм щыгъуазэу щытыпхъэщ. Ауэ ар цIыхухэм я граждан кьалэныгъэ къэпIэльытэ хъунущ?

- Щэч хэмыльу. ЦIыхум Урысейр зищIысыр ищIэну хуейми, абы къыщыщIидзапхъэр Урысей Федерацэм и Конституцэрщ. Нэхъ мыхьэнэшхуэ зиIэ жылагъуэ хабзэхэр зэблэзыгъэкIыр конституцэ хабзэхэрщ икIи абыхэм я мардэхэр Закон Нэхъыщхьэм - Урысей Федерацэм и Конституцэм щыгъэващ.

Щэч къытехсхэркъым къэралым щызекIуэ хабзэхэм дыщыгъуэзэн, ди сабийхэри абы хуедгъэджэн зэрыхуейм. ФIэкIынIэ зимыIэ хабзэу ди гъащIэм щызэтеувэн хуейр законым цIыху псори зэхуигъэдэнкIи икIи ар псоми зэхуэдэу ягъэзэщIэныр. Конституцэм ткIийуэ тетыныращ къэралыр япкIэ кIуэгъэныным, граждан зэгурыIуэныгъэ щыIэным я гъащIэр. Абы къыхэкIыу ди къалэнщ Конституцэм зэпымыуэу дыхуэзаскъыну.

БАТЫР Любэ.

Гуапагъэр япэ ирагъэщ

● ПщIэ

КъБР-м Iэжьыгъэмрэ социальнэ зыужьынныгъэмкIэ и министерствэм щагъэпэпIащ Хэку зауэшхуэмрэ гуащIэдзкIымрэ я лIыхъужьхэр. Ар щытащ Хэкум и лIыхъужьхэм я махуэм теухуауэ республикэм и кьалэхэмрэ районхэмрэ щрагъэкIуэкIа зэпыгъэ гуапэхэм я мыгъэрей кIэух Iуэхугъуэу. Ирагъэблэгъа нэхъыщхьэрIхэм хъуэхъукIэ зыхуагъэзащ КъБР-м и Правительствэ и Унафэщым и къуадзэ **ДышэкI Мадинэ**, лэжьыгъэмрэ социальнэ зыужьынныгъэмкIэ, узыншагъэр зэрымыкIэ министрэхуэ **Тюбеев Альберт, Бицу Вадим**, ветеранхэм я республикэм Советым и тхьэмадэ **Шыхъуэбахъуэ Мухьэмэд** сымэ.

- Урысей Федерацэм и Президентым и УказкIэ дыгъэгъазэм и 9-р нэгъабэ ягъэуващ Хэкум и лIыхъужьхэм я махуэу. Нобэ дэ дгъэпъапIэр зауэм хахуэу хэтахэм я закъуэкIым, мы зэIуцIэм кьедгъэблэгъащ Iэжьыгъэм и лIыхъужь щIэныгъэхэм я ныбжьыкIэхэм я фаеплъыр дыхуэсакъыу тхъуэмэ, нобэ тхуэпсэухэм къэралымрэ жылагъуэмрэ я гулыпэ яльыдгъэсын хуейщ, - кIыхьитэщащ Iэжьыгъэм кI Мадинэ.

Зэ1уцIэм ирихьэлIащ Социалист Iэжьыгъэм и ЛIыхъужьхэхуэу **Дадэ Хьэмытlэ, Ахъчэхъу Анатолэ, Евтушенкэ Николай, Къамбий Мухьэб, Уммаевэ Фазика, Емышэ Хьэлий**, щIыхь орденым и нагъыщIитIри зиIэ **Мамедов Минсур-Иса, Герасименкэ Николай** , Iэжьыгъэ ЩIыхь орденым и нагъыщэ щорти къызыхуагъэфащ **Амшокъуэ ХьэжIуэпащ** Совет Союзым и ЛIыхъужь **Къуэныкъуэй Назир и щхьэгъусэ Галинэ** сымэ.

Ерыскъы Iэнэ, я кьызыхуащта нэхъыжьыфIхэр я гукъэжIыжхэмкIэ, я Iуэху епIыкIэ хэмкIэ зэкъуэжащ, я щIалэгъуэм яусауэ щыта уэрэдхэм дихьэху едэIуащ.

Зэ1уцIэ гуапэм и кIэм дэтхэнэми тыгъэ хуащIащ.

АРУАН Алий.

Сурэтыр **КЪАРЕЙ Элинэ** *трихащ.*

● Къэрал къулыкъущIапIэхэм

Чэнджэщ щхьэпэхэр

**КъБР-м Хуэныгъэмрэ архитектурэмкIэ и минис терствэм иригъэкIуэкIащ псэупIэ хуэныкъуэ цIыхухэу ар зэгурыIуэныгъэкIэ зэтыпхъэхэр зэратх (учет зэрращI) щыкIэм тепсыхьэ ипкъ иткIэ цIыху щхьэхуэхэр псэупIэкIэ къызэрэпэщынымкIэ хэращI пщэрылъхэр- жыхуиIэ и программэ гуэдзэр щы1ыхьэщ. Абы зэрыжиIамкIэ, мы зэманым ар псом япэу зи кьалэныр щIыпIэ самоуправлением и органэхэр. Ауэ щыIэщ цIыху щхьэхуэхэр кьэралым псэупIэкIэ къызэрыкъэригъэнэщ федерал, щыIналъэ хабзэ уб5ыхуахэри. Лъэпощхьэпо куэд къэзыIэр ахэр тэмэмэ къызэрамыгъэсэбэпырщ.

Зэ1уцIэм куууэ щызэпкърахащ республикэм и щыIналъэм псэупIэ зэхущытыкIэхэр щызыынэтI законодательнэ актхэр зэрагъэзащIэр, абыхэм ехьэлIауэ псом япэу гу зылыытапхъэхэр.

«Къэбэрдей-Балькъэрым и республикэм ипотекэ корпорацIэ» ОАО-мрэ Урысеим и ХьумапIэ банкым и щыналъэ кьудамэмрэ я унафIэщхэм я къуэдзэхэу **Хасауов Алимрэ Юсупов Альэнрэ** семинарым хэтхэр хагъэхъуэзащ ипотекэ кредитыр къызэрагъэсэбэпын хуей щыкIэм, федерал, республикэ программэ хэхахэм япкъ иткIэ псэупIэ къэзыщхэну е зыуухэну хуей щыхухэм хуащIэ Iэхэутхъэбзэхэр зыхуэдэм. КъБР-м и УБ5П-м и оперуполномоченнэ нэхъыжь **Ахъуэхъу Бьэсэн** зэпкърыхауэ кьытеувыIащ псэупIэ программэхэр гъэзэщIэн зэрыщIадзэрэ абыхэм ехьэлIа экономикэ щIэпхъафIэхуэхэм ялэжьу зэрыхуэлажьам, а Iуэхур фейдэ хэкIыпIэ зыщIыну зи мурадхэм кьагъэсэбэп Iэмалхэмрэ хэкIыпIэхэмрэ, щхьэхуещхэхэр сэтей кьыз5эращIымрэ ирагъэхъ ежуапымрэ икIи щIыпIэ самоуправлениэмкIэ сабий школ.

КъБР-м Уху эныгъэмрэ архитектурэмкIэ и министерствэм ихьэлIауэ щхьэхуэхэр псэупIэкIэ къызэрэпэщынымкIэ хэращI пщэрылъхэр зыгъэзэщIэ щIэныгъэ щIэнгъэ щIэнгъэ щIэн

АДЫГЭ ПСАЛЪЭ

● Жыжьэ - гъунэгъу

«Къамботрэ Лацэрэ» Къэнжал зауэмрэ

**Адыгэ усыгъэм и тхыгъэ нэхъыфI дыдэхэм ящыщ зыщI «Къамботрэ Лацэрэ» роман щIэрыIуэр. Гупсысэ кум кы-щыIэтхэмкIэ, мылIэжьынпсэ зыIут образ телыыджэ щы-зэфIагъэувдахэмкIэ, художественнэ гъэпсыкIэ хьэлэмэ-тыщ и игъэтамкIэ ар зэбгъащIи зэпльыти хьун адыгэ литературэм нобэр кьыздэсым кьыхьыжьакым. Дунейм кы-зэрытехьэрэ илъэс блищым нэбдзгъа щхьэжь

Зыгъэпсэхугъуэ махуэм

Малъхъэдис

●Псалъэжьхэр

Жэм пыджэрей

● Абрагъуэ мэкъуэм ильклым.
● Щіэщхьу зыщІэ къыщІэкІуэркым.
● Гъуэ ямыщІынум б лэкІрэ пэт йоджэ.
● Нэрыльагъу щытхъу щІыбагъырыубщ.
● Жэм пыджэрей къуагуэ мэ хэу.

●Лъэпкъ Іуэху

ЩІалэгъуалэм я жэрдэмкІэ

Псэм зезыгъэзэт, гукъэкныжхэм ухэзышІ пасэрей щыкІэшІыпІэм и макъ жьгъырыр Сочэ дэт Щэнхабзэмкіэ унэм зэрыщыІымыІурэ нлъэс тІощІым щІигъуауэ къыщІэкІынщ. А кьыалэм дэс адыгэхэм нужьрей нлъэсхэм кІрнубыдэу иджы япэу кьыззрагъэпэщэ зэУущІэр апхуэдэ макъымэкІэ кьыззІуахуэ.. нз хъ кьащтэт. Ар бЗэкІа зэманым и нэщэнэт - ижь-ижьыж льандэрэ апхуэдэ щІыкІэкІэт ди адэжьхэм Хасэр зэрыззхашэр. Ар макъамэ къудейм и закъуэтэкъым, атІэ абы зэтрнублэрт кьыззхуэсахэм я гупсысэкІэр, зэхуэсым щащІыну унафэхэм яІэ жэуапльныгъэр нэсу захригъащІэрт.

ШАПСЫГЪ Хасэм хьлъэ зэгухэныгъэ 24-м щыщу тІур пасэрей Убыхым и Іэгъуэблагъэрщ - Сочэрэ Дыгъэмысрэ здэщІыпІэр. Хы Іуфэм щыпсэу адыгэхэм я лъэпкъ, жьыгъуэ зэгуухэныгъэхэр кьыззрызэрагъэпэщрэ абы я лІыкІуэхэр япэ махуэм щегъэжьауэ Хасэм зэхишэ сыт хуэдэ Іуэхуми жьдкэрру хэтщ. Кьащтэмэ, абы хэм я Іужьр кьызыхуэтынщэу щыткьым, гугъуэлІэныгъэу зыІэрагъэхьэфым нэхьрэ. Дыгъэмыс а Іужьр щыпхъ тыншмэ (адыгэу дэсыр зэрымащІэм кьыхьклыу), Сочэ щыпсэухэр зэхэупщэсын кІудейр гугъуехьщ, абы кьыхьэкІыу я Іужьхэр нжьыбэу зэрызэфІахьыр телефонкІэщ.

- Зэманкіэ узэІэбэкІыжмэ, 1990 гъэкэм я пэщІадэзэм ди зэгуухэныгъэр нэхъ жьыджэру лажьхэхэм хабжэу щытащ, - жеІэ Кьаалэ Хасэм и тхьэмадэ Куэбла Мадин. - Дэ кьуэдрэ дызэхуэсырт, дызэпсалъэрт, дызыпэщІэхуэ гугъуехьхэр ди кьаруу, гупсысэ зэкІэтлъхьэрэ кьыззэдэжьІыфырт. Псалъэм папщІэ, дэ япэу кьызэІутхуэрэ жьыпІэ зэхуныщ ди щІэблэм анэдэлъхубзэр щрагъэдж курсхэр - ахэр зыщІэсыни, езыгъэджэни, зэреджэну тхыпльхэри кьэдгуъуейщ. Абы и фІыгъэкІэ щхьэдэс щІалэгъуалэм адыгэбзэр фІыуэ ягъэшэрыуэ. ЯтІэ адыгэ махуэгъэпсыр ныдэзыгъэскІари дэращ. Пэжщ, иджы нэхъ зэфІыхьа хъуащ ди Іужьр, ди зэфІэкІри, цІыхухэм яІэ гукъыдэжри нэгъуэщІщ.

Ар кьагуроІуэ Сочэ дэсхэм, икІи Кьаалэ Хасэр щІэрыщІэу зэфІэгъуэвэжькІи хуейуэ кьаІыгъэ. Ди кьаалэм апхуэдизкІэ псынщІэу зеуэжьри, дэри ди Іэр зэтедзауэ дыщьысыныр щыгъагъащ.

Адыгэхэм я гъащІэм теухуа упщІэхэр кьышІэтэ зэІуцІэр кьызэгъэзэпэщыным жэрдэмщІакІуэ хуэхъуар мы щІыпІэм щыпсэу щІалэгъуалэщ. Нэгъабэ абыхъэм кьызэІуахауэ щытащ адыгэ кьафэм щыхуагъасэ гупжьей, апхуэдизкІи хьэгъуэлІыгъуэхэр хабзэм теІу кьызэзрагъэпэщ, адыгэ махуэгъэпсым кьыщыгъэпсыгъуа Іуэхуэхэр зэщІыгъуу ирагъэкІуэкІ. Абыхэм гупытэ хуащІ иджырей щІалэгъуалэр фадэм, афияным демыгъэхьхьынымь.

Иджы щІэуэ Сочэ кьыщыгъэІуахьжьа Кьаалэ Хасэм япэу ипщэ далъхьар адыгэхэм я бжьыгъэ зэрыхІыр кьхъутэнырщ. Ар кьащІэмэ, Іэмал яІэнущ жьыгъагъуэ-политикэ, лъэпкъ-щэнхабзэ зэІущІэхэм псорн кьрагъэблэгъэну, «Шапсугіэ» газетыр кьаІэрыльхэныр зэтеубгьнырщ. Апхуэдизуи унафэ кьащтащ сабийхэм, щІалэгъуалэм анэдэлъхубзэр егъэджьнымкІэ щІэпсэн зэкІыпІэхэр кьаутыеину. Кьафэм хуагъасэ сабийхэм зэкІэлъыкІуэ гугъащ Шапсыгъ Адыгэ Хасэм и тхьэмадэ Чачыхъу Мэжид, Кьаалэ Хасэм и хэщІапІэр зэман гьунэгъум ягъэбелджьынущ.

ІЫБЭ Анзор.

Тэш Мурдин и ныкІэпшынэм и макъ жьгъырур.

Сочэ Кьаалэ Хасэм кьрихьэлІащ Шапсыгъ Адыгэ Хасэм и тхьэмадэ *(нкІуи дэсщ)* Чачыхъу Мэжид.

●Лъэпкъ Іуэху

ЩІалэгъуалэм я жэрдэмкІэ

Псэм зезыгъэзэт, гукъэкныжхэм ухэзышІ пасэрей щыкІэшІыпІэм и макъ жьгъырур Сочэ дэт Щэнхабзэмкіэ унэм зэрыщыІымыІурэ нлъэс тІощІым щІигъуауэ къыщІэкІынщ. А кьыалэм дэс адыгэхэм нужьрей нлъэсхэм кІрнубыдэу иджы япэу кьыззрагъэпэщэ зэУущІэр апхуэдэ макъымэкІэ кьыззІуахуэ.. нз хъ кьащтэт. Ар бЗэкІа зэманым и нэщэнэт - ижь-ижьыж льандэрэ апхуэдэ щІыкІэкІэт ди адэжьхэм Хасэр зэрыззхашэр. Ар макъамэ къудейм и закъуэтэкъым, атІэ абы зэтрнублэрт кьыззхуэсахэм я гупсысэкІэр, зэхуэсым щащІыну унафэхэм яІэ жэуапльныгъэр нэсу захригъащІэрт.

ШАПСЫГЪ Хасэм хьлъэ зэгухэныгъэ 24-м щыщу тІур пасэрей Убыхым и Іэгъуэблагъэрщ - Сочэрэ Дыгъэмысрэ здэщІыпІэр. Хы Іуфэм щыпсэу адыгэхэм я лъэпкъ, жьыгъуэ зэгуухэныгъэхэр кьыззрызэрагъэпэщрэ абы я лІыкІуэхэр япэ махуэм щегъэжьауэ Хасэм зэхишэ сыт хуэдэ Іуэхуми жьдкэрру хэтщ. Кьащтэмэ, абы хэм я Іужьр кьызыхуэтынщэу щыткьым, гугъуэлІэныгъэу зыІэрагъэхьэфым нэхьрэ. Дыгъэмыс а Іужьр щыпхъ тыншмэ (адыгэу дэсыр зэрымащІэм кьыхьклыу), Сочэ щыпсэухэр зэхэупщэсын кІудейр гугъуехьщ, абы кьыхьэкІыу я Іужьхэр нжьыбэу зэрызэфІахьыр телефонкІэщ.

- Зэманкіэ узэІэбэкІыжмэ, 1990 гъэкэм я пэщІадэзэм ди зэгуухэныгъэр нэхъ жьыджэру лажьхэхэм хабжэу щытащ, - жеІэ Кьаалэ Хасэм и тхьэмадэ Куэбла Мадин. - Дэ кьуэдрэ дызэхуэсырт, дызэпсалъэрт, дызыпэщІэхуэ гугъуехьхэр ди кьаруу, гупсысэ зэкІэтлъхьэрэ кьыззэдэжьІыфырт. Псалъэм папщІэ, дэ япэу кьызэІутхуэрэ жьыпІэ зэхуныщ ди щІэблэм анэдэлъхубзэр щрагъэдж курсхэр - ахэр зыщІэсыни, езыгъэджэни, зэреджэну тхыпльхэри кьэдгуъуейщ. Абы и фІыгъэкІэ щхьэдэс щІалэгъуалэм адыгэбзэр фІыуэ ягъэшэрыуэ. ЯтІэ адыгэ махуэгъэпсыр кьыдэзыгъэскІари дэращ. Пэжщ, иджы нэхъ зэфІыхьа хъуащ ди Іужьр, ди зэфІэкІри, цІыхухэм яІэ гукъыдэжри нэгъуэщІщ.

Ар кьагуроІуэ Сочэ дэсхэм, икІи Кьаалэ Хасэр щІэрыщІэу зэфІэгъуэвэжькІи хуейуэ кьаІыгъэ. Ди кьаалэм апхуэдизкІэ псынщІэу зеуэжьри, дэри ди Іэр зэтедзауэ дыщьысыныр щыгъагъащ.

Адыгэхэм я гъащІэм теухуа упщІэхэр кьышІэтэ зэІущІэр кьызэгъэзэпэщыным жэрдэмщІакІуэ хуэхъуар мы щІыпІэм щыпсэу щІалэгъуалэщ. Нэгъабэ абыхъэм кьызэІуахауэ щытащ адыгэ кьафэм щыхуагъасэ гупжьей, апхуэдизкІи хьэгъуэлІыгъуэхэр хабзэм теІу кьызэзрагъэпэщ, адыгэ махуэгъэпсым кьыщыгъэпсыгъуа Іуэхуэхэр зэщІыгъуу ирагъэкІуэкІ. Абыхэм гупытэ хуащІ иджырей щІалэгъуалэр фадэм, афияным демыгъэхьхьынымь.

Иджы щІэуэ Сочэ кьыщыгъэІуахьжьа Кьаалэ Хасэм япэу ипщэ далъхьар адыгэхэм я бжьыгъэ зэрыхІыр кьхъутэнырщ. Ар кьащІэмэ, Іэмал яІэнущ жьыгъагъуэ-политикэ, лъэпкъ-щэнхабзэ зэІущІэхэм псорн кьрагъэблэгъэну, «Шапсугіэ» газетыр кьаІэрыльхэныр зэтеубгьнырщ. Апхуэдизуи унафэ кьащтащ сабийхэм, щІалэгъуалэм анэдэлъхубзэр егъэджьнымкІэ щІэпсэн зэкІыпІэхэр кьаутыеину. Кьафэм хуагъасэ сабийхэм зэкІэлъыкІуэ гугъащ Шапсыгъ Адыгэ Хасэм и тхьэмадэ Чачыхъу Мэжид, Кьаалэ Хасэм и хэщІапІэр зэман гьунэгъум ягъэбелджьынущ.

ІЫБЭ Анзор.

●Псалъэжьхэр

Жэм пыджэрей

● Абрагъуэ мэкъуэм ильклым.
● Щіэщхьу зыщІэ къыщІэкІуэркым.
● Гъуэ ямыщІынум б лэкІрэ пэт йоджэ.
● Нэрыльагъу щытхъу щІыбагъырыубщ.
● Жэм пыджэрей къуагуэ мэ хэу.

●Лъэгъуныгъэ уэрэдыжьхэр

Таукьан

Таукьаным сыщыпымылъмэ, дуней,
Ежьу Уо!
Сигури Бещтом и Іуащхьэт,
Ежьу Уо!
Таукьаным пылъын езгъажьэри, дуней,
Ежьу Уо!
Сигури хуГу хьэдэхм хуокІуэ.
Ежьу Уо!

Пщащэмэ си пшынэ фІыцІэри, дуней,
ІэпэкІэм щызогъэпсалъэ,
Таукьаным псалъэу жиІахэри, дуней,
Сигумэ Іэфіу кьина мыгъуэщ.

Пщащэмэ си пшынэ фІыцІэмэ, дуней,
ІэпэкІэм къыщызогъэкІым,
Таукьаныр си г ум къыщыкІкІэ, дуней,
Іэл фІыцІэу сыкъызокІуэкІыр.

Таукьаным и шынэхьыщІэри, дуней,
МащІэрэ х уэнабдзэ щІэу фэт,
Таукьаныр кьэфэну къыщыдэкІами,
ЩІы фІыцІожьым зыкъыдигъаэзт.

Дыщэуэрэ си бгыріпх цІыкІуэмэ, дуней,
Сибгри быдэу кьекъуэмэ,
Таукьаным и гуэзвэгъу эмэ, дуней,
Гъыбзэшхэу зи сигъэуэ мыгъуэщ.

Дыщэуэрэ си бгырыпх цІыкІури, дуней,
Метурэ кьыззэдокІуэкІмэ,
Таукьаныр унэм щІэзгъэкІмэ, дуней,
Си псэ тІэкІур хэкІын сфІощІмэ.

Дыщэуэрэ си Іэльын цІыкІури, дуней,
Уей мыгъуэ, уи мыщІэ закъуэщ,
Анэ кьылъкуУ сэ си дэлъкУ закъуэмэ, дуней,
Таукьаныр ІэщІэкІуэ дэнущ!

ИпщэкІэ дыгъэмыхъуэшхуэм, дуней,
Щынэ фІыцІэр къыщыздоджэгумэ,
Таукьаныр джэгум къыщыдэкІэ, дуней,
Пшынэ фІыцІэр согъбзэрабзэ!

Си адэурэ, си адэурэ дыщэуэ, маржэ,
Таукьаным си щхьэ с умытрэ?
Таукьаным сыщымытынукІэ, си адэ,
КІартІуэзыр зыщхьэрытІагъэ!

Си анэурэ, си анэурэ дыщэуэ, маржэ,
Таукьаным си щхьэ с умытрэ?
Таукьаным сыщымытынукІэ, си анэ,
Нэмэзлыкьым утемытІысхьэ!

Зытхьыжар
КЬАРДЭНГЪУЩІ Зырамыкущ.



2009 гъэм и Адыгэ махуэгъэпс

КъБР-м щыщу езым яФэфІу Абхъазым щыгъуэхэм я зэгухьэныгъэм, Афганистаным и ветеранхэм я союзу ди республикэм щыІэм, Дунейпсо Адыгэ зэкъуэшІыныгъэм, «ДжэгуакІуэ» щэнхабзэ центрым, «НАРТ ТВ» адыгэ спутник телевиденэм зэгъусэу иджыблагъэ кьыдагъэкІащ 2009 гъэм и адыгэ махуэгъэпсыр. Щэрджэс хэкум и картэм и гупэм кьиту абы кьыщыгъэлъэгъуащ Кьэнжал зауэм къэбэрдейхэм текІуэныгъэ кьыззрыщахьрэ илъэс 300 зэрырикъум, Абхъазымрэ Осетие Ищэмрэ хамэ унафэм щІэмыст республикэхэу кьыззральытам яхуэгъэпса шууей зекІуэм хэтхэм я сурэтыр.

Махуэгъэпсым ущегъэгъуазэ 2009 гъэм адыгэ лъэпкъым джэкІ тхыдэ мыхьэнэ зиІэну Іуэхугъуэ нэхъыщхьэхэм. Ахэр Астрахань къэбэрдеидзэхэм зэрыбыдэр илъэс 460-рэ зэрырикъур (1549 гъ.); Къэбэрдейм кьиІуеа кьалмыкьыдзэр зэрызэтракъутэрэ илъэс 365-рэ зэрырикъур (1644 гъ); Къэбэрдейм кьиІуеа кьрымыдзэр зэрырахужрэ илъэс 280-рэ зэрырикъур (1729 гъ); Белград зэгурыІуэныгъэм ипкъитхІэ, Къэбэрдейр зи щхьэ хуит къэралыгъуэ щхьэхуэу кьыззралъытар (1739 гъэм фокІадэм и 18); адыгэ щІалэ Хьэшыр Чылар япэ дыдэу Іуащхьэмахуэ и щыгъуэ зэрыдгжІрэ илъэси 180-рэ зэрырикъур (1829 гъэм бадзэуэгъуэм и 21); Урыс-Кавказ зауэр зэриухрэ илъэси 145-рэ зэрырикъур (1763-1864 гъ.).

Махуэгъэпсыр кьыдэзыгъэкІэхэм псом хэмыдэу гулъытэ хуащІынуикІи Іэтауэ ягъэлэпІэныр я мурадщ Хьэшыр Чылар Іуащхьэмахуэ и щыгъуэ япэ дыдэу зэрыдгжІрэ илъэси 180-рэ зэрырикъур. ИщхьэкІэ кьыхэдгъэщэ жьылагъуэ зэгуухэныгъэхэмрэ Къэбэрдей Адыгэ Хасэмрэ зэгъусэу а махуэр екІуу гъэлъэпІа зэрыхьэныным теухуа я Іуэху ельыкІэхэр кьыхалъхьащ. Апхуэдэу абыхэм я гугъущ «Адыгэ щІалэ Хьэшыр Чылар и лІыхьжьыгъэр» фІэщыгъэщІэр зиІэ щІэныгъэ-практикэ конференц ирагъэкІуэкІыну, хамэ къэрал щыщ альпинистхэри ящІыгъуу Іуащхьэмахуэ дэкІыныр кьызэрагъэпэщыну, 1829 гъэм Чылар и гъусэу Іуащхьэмахуэ дэкІа гупым я гукъэкІыжьыр щІэзэхуэхьэса тхылъ кьыдагъэкІыну, Надыщ кьалэ Хьэшыр Чылар и фэеплъ сын щагъэувыну, «Хьэшырым и Іыгъэр» фІэщыгъэщІэр зиІэ выставкэ Лъэпкъ музейм щагъэлъэгъуну, КъБР-м, КъШР-м, АР-м я тхаКІуэхэр, журналистхэр, суратыщІхэр зыхэт зэпеуэ зэхуэмыдэхэр кьыхалъхьэну, нэгъуэщІ Іуэхугъуэ кьэдж.

2009 гъэм и Адыгэ махуэгъэпсыр Надыщ кьалэ тхылъ щащэ и тІыкуэнхэм, Адыгэ Унэм, Дунейпсо Адыгэ Зэкъуэшьныгъэм, Псыхуабэ щеджэ студентхэм я Адыгэ Хасэм, Черкесск щызэхэт ЩІалэгъуалэ Хасэм я лІыкІуэхэм дежьи, «ДжэгуакІуэ» щэнхабзэ центрым кьыщыбгъуэтынущ.

Махуэгъэпсыр зэращэм кьыпэкІуа мылькум и ныкъуэр Абхъазым щызэуа ди щІалэхэм я унагъуэ нэхъ хуэмыщІахэм зэрагъэпэщынущ.

ЩЫХЪУЭ Замир.

●Гушыіэ

Уи сурэт кьытхуегъэхь

«Зэрыдджкъуэ» колхозым и унафэщІыр мэкъуэмэ щэжьыгъэхэм нэхъ кІэлъыпІлырт и щхьэ, унагъуэ Іуэхуэхэм кьыщыдэхуэхэм дж, ауэ гъэщ фермэхэм е мэлыхьуэ пщыІэхэм ильэс псом зэ щынэмыс щыІэт ар.

Зэгуэрым гъэш фермэ №1-м кьикІыу унафэщІым письмо кьыхуэхІуащ. Письмор кьэзытхыр Дизыкьуажэт. Ар зэтрихрэ єджэмэ, мыпхуэдэу ятІ:

«Хьэжмысост, зэрыгупу дынольэІы: мы дызэрыІитьэсыр имыухьпэ щІыкІэ, зэ зыдгъэлъагъу. Ар пхуэзфІэмыкІынумэ, уи зы сурэт кьытхуегъэхь. КъхыІэ, нэгъуэщІ мыхъуми, а зыр кьытхуэщІэ!»

ЖЫЛАУ Нурбий.

Зенкъуэ къуажэ.
2001 гъэ

●Жыьэгъуэжэр

Фадэр нэрыгъ фымыщІ

ТекІуэдам фІэкІа кьэмыну.

Ар гущІэгъу зи щхьэм хуэзымыщІыжа щхьэкІэ.

♦Фадэм дихьэхам зэрыцынэхьур кьыщыгуРыуэжми, и фІэщ ищІыну хуэмейуэрэ, кьитгъэзэным и пІэкІэ нэхьри щІельафэ. Іейми фІыми, уэзсам щыужьигъуейщ.

♦ПщІэншэ ищІа мыхьумэ, фадэм нэмыс кьызыхуихьа щыІэкъым.

НЭЖУЩ Хьэжпагуэ.

●Гупсысэ - псалъэкІэ

Гугъэ

Зыгуры Іуи зыщІэдэІуи щымыІэ гур темыпІыЗу зы хъуэпсапІэ гуэрым щІобэн, щІоззу, хуопабгъэ. Махуэл димыхьу лъэужь мыцІыхухэм ирокІуэ зы лъэмбым ипкІым адрейм къыщыхутэрэ. ЩІыІи бэшачагъ гуэри зыхэмыльыж лъэпощхьэпокІэ гъэнщІа гъуэгуанэ гугъуэхэр кьыззренэкІ. Къэзыгъэдзыхэ кьыхэкІми, кьарууэ ирэр зэрегъэІуІри, япоуэ, яполъэщ, и щІыб кьыденэ. Езыр макІуэ, ежьужьымрэ кхъуэбанэмрэ яІа фэбжьхэм кьыкагъэзыхьми. МакІуэ кьеплъэкІ имыщІэу, щІежьам хуэпэжу.

Дэнэ нихьсыну пІэрэ апхуэдизу гугъуехьым тКІыбжь дэхъуа гу ныкъуэкъуэхым? Дапщэщу пІэрэ и хъуэпсапІэр Іэщ Іэхуу и лъэр щыщІэхунур? Хьэуэ, щІэхункьым и лъэр, и хъуэпсапІэри ищІынкъым Іэщ Іыб. Сыту жьпІэмэ гугъэм и хъуэпсэкІэ быдэу зыхэжьыхьа гур куэдым полъэщ, зызрипщыри нэхьыбэжщ. Жьыжьапльэщ ар, мэгуГэ, мэпабгъэ, мэхъуапсэ. Быдэуи и фІэщ мэхъу малъхъэдисым хуэдэу зыщІэзышэн гу зэгуэр зэрыщІэнэр. ЗэщІишэу зэрирЗэфІэнэр, Іэфіагъкіэ зэрипсыхьыныр, зэрипГэжьаЗщІынур, хэщІынынГэу игъуэта псомкІи зэуэ кьыззретэжьнур. Аращ, гугъэрщ гум псэ кьыІуэзгъэкІэжри, и щІэльныкьъэр гугъэу кьыззыщІыжри, цІыхур дунейм щІытетыжыр кьызыхэтэджькІ гупсысэ уэзщІахэм купщІэрэ купкърэ яхуэхъужри.

ЖЭМБЭЧ Рабие.

●Шхыныгъуэхэр

Былым тхьэмщІыгъуныбэ

КІэтІий гъуныр хуабэ щыкІэ зэрагъэдзэкІри, псы хуабэкІэ яльэс. ИтІанэ псывзм шыгъу хадзэри, кІэтІийр абы халъхьэ, кьыхахыкри сэкІэ ятхъунщІыгъэ кьабзэ хъуху яльэс.

ТхьэмщІыгъур ятхъащІ, псыр кІэралъэщІыкІ. ИтІанэ тхьэмщІыгъэ тІыжьэзэрар псыр кІэралъэщІыкІ. ИтІанэ тхьэмщІыгъэ тІыжьэзэрар сэкІэ Іыхьэ-Іыхьэурэ, пащэшхуэурэ зэтрагъэж (г. 200-300) ар бэлагъкІэ яуб, хуэпІащІэ хъуухІэ.

ЩІэ тхъурымбэри ятхъащІа нэужь, бэлагъкІэ яуб, щІа кІанэ хэлъмэ, Іыхьэурэ зэпаупщІыж. ТхьэмщІыгъу, щІ тхъурымбэ кьагъэхьэзырар тепщэчышхуэм иралъхьэ, абы бжьын упщІэта, бжьыныху уба, шыгъу, бурш, шыбжий плъыжь, джэдгын хьэжа хаІухьэ. Псори фІыуэ зэІащІэри, абыкІэ кІэтІий лъэсар якуда, ирамыубащэурэ, кІэтІий кІапэр зэрыхьІгъафІэу папхыкІ. Ар шыуаным ираІухьэ, псы хуабэ щІакІэ, кІэтІий кудар щІигъанэу, хьэхум трагъэувэри, мафІэр ину дэшеиуэ зэ кьытрагъэкъуаІъэ, тхъурымбэр чымчыкІэ кьытрахьурэ. ИтІанэ шыгъу хадзэ, шыуаныщхьэр трапІэри, мафІэ мыгуащІэм тетэу ягъавэ. КІэтІий кудар кьыщыбзм и деж кьэуэным хуэдэу кьопщ. Апхуэдизу зэрыхъуу тхьэмщІыгъэныбэр шыуаным бэлагъкІэ кьыхахри Іэнэм трахьхьэ, кІэтІий пыпхыкІар кьаІэлалэри бахъэр бэлагъкІэ телъэщІыкъуэр кьрагъэкІ, папхыкІыкІри, шыуаным ираІухьэж. Апхуэдизуэ тІэу, щэ щащІ щыІэщ. ТхьэмщІыгъуныбэр кьэпща нэужь, гугъу зыдрамыгъэхьу сапэкІэ е дзасэкІэ зыуГуэни щыІэщ. А уэ апхуэдэу зыщІэхэм я тхьэмщІыгъуныбэр ва нэужь, гъущэ мэхъу. ИщхьэкІэ зэрытГхам хуэдэу пщІымэ, тхьэмщІыгъуныбэр щІэзэпыбгъэжкІэ щабэу, дагъэри кьыщІэжу щІытщ, мэ гуакІуи кьыхэх.

ТхьэмщІыгъуныбэ вар бэлагъкІэ лэпсым кьыхахыж, сэкІэ хъурейуэ, мыІуе дыдэу зэпаупщІ, тепщэчым хьэфІыкІэри пщтыру яшх - бжьыныху шыпс текІауэ е ар фалъэ цІыкІум щхьэхуэу ИТУ. Абы дашх пІастэ, мырамысэ хуабэ, чыржьи.

Шхыныгъуэр щагъэхьэрыкІэ халъхьэхэр: *кІэтІий гъуму - узыхуейм хуэдиз, тхьэмщІыгъу - грамм 1200, щэ тхъурымбэу - грамм 600, бжьыф укъэбзауэ - грамм 100, бжьыныху укъэбзауэ грамми - 120, бурщу - грамми 5, шыбжий плъыжь хьэжауэ - грамми 5, джэдгыну - грамми 10, шыгъур зэрафІэрэкІэ.*

«Адыгэ шхыныгъуэхэр» тхьылъым къитхьыжащ.

Псалъэзэблэдз

Ихъурегъкіэ кьинкІухьу: **1.** Адыгэ лъэпкъым и зы къуадзэ. **2.** Шы, къэпщІэнтІам кьыщыхьэщих бахьэ. **3.** Дуней псом кьыщащІыку дирижер Темыркъан Юрэ, Олимп Джэгуэкм дыщэ медаль кьыщызыхьха Кьардэн Мурат, Къэбэрдей-Балъкъэрым и цІыхубэ тхакІуэ ІутІыж Борис сымэ кьыщащІахуэ кьуажэ. **4.** Уэсым хуэдэу щІым кьытех э. **5.** Адыгэ макъамэ Іэмэпсымэ. **6.** Сабийхэр зэрыщІэгуу щІита хьэпщІып (мылым кьыщагъафэу). **7.** ХьэщІэ лъапІэм хуаухІ Іэщ. **8.** КъБР-м щІщ кьалІэ. **9.** НапІэзыпІэ. **10.** Псы Іуфэ лъагэ, екьпІэ задэ. **11.** Хадэхэкі. **12** Нып. **13.** Пхъэщхьэмыщхьэ гуащІэ гъуэжь цІыкІу. **14.** Зэрыхъэ, сурэт зэращІ. **15.** Жыг лъагэ. **16.** Ильэсищым ит щыщІэ. **17.** «Адыгэ ...» - Даур Асльэмрэ Хьэнфэн Алимрэ яуса уэрэд цІэрыІуэ. **18.** МафІэдзым нэгъэщІу зэрелджэ. **19** Нартхэм я ныкъуэкъуэгъу льэпкъ. **20.** Пасэрей жьр пыІэ. **21.** Нартыкъур бгъэльаІольэмэ, ар кьонэ. **22.** Дунейпсо Адыгэ Хасэм и япэ Іэтащхьэу щытта. **23** ЩыпсальэкІэ зэйынэ. **24** Псы Іуфэхэм, шэдыпІъэхэм кьыщыкІудэ льагэ. **25.** Шыуаныщхьэ. **25.** Еуэкіыпіэ. **27.** Шым и кІуэкІэ. **28.** ЩІэжьей. **29.** Адыгэ цеІм и щІагъым щІалъхьэ щыгъын. **30.** Лыр зыхэвыхьа. **31.** Зыгуэр ирекІутэн хьисэпкІэ ящыхьа тхъыльмпІэ. **32.** ГуфІэгъ уэ Іэнэм щысхэм я ІуэхутхьэбзащІэ. **33.** ГъуІэ Іэмэпсымэ. **34.** Щхьэл щэрхьыр зэкІэрехьуэкІ. **35.** Хьэкъущыкъум щыщ. **36.** Ди рес-публикэм щыІэ псыежэх. **37.** Инагъу э псэущхьэ.

Икъмкіэ кіуэуэ: **38.** «... зэхэдз нэхьрэ Іыхьэ зэхэдзэ». **39** ЩыхуэщІэ е Къэрмокъуэ Мухьэмэд и роман. **40.** Псаэм адыгэм я унащхьэр зэрагъэбыдэу щыта. **41.** Ди республикэм и район. **42.** «... Іэрымыпльхьэм гуащІр щымыгъэгуть». **43.** Бжэр зэрагъэбыдэ. **44.** Зыбжанэ, зыкьом. **45.** Адыгэ драматург щІэрыІуэ. **46.** Кавказ щІыбым щыпсэу лъэпкъышхуэ. **47.** «... зыгІ йоХуэж». **48.** Ныбапхъэм кІуэщІыпхьауэ ягъавэ адыгэ шхыныгъуэ. **49** Кавказ ИщхьэрэЗм щыпсэу лъэпкъ.

Гу зыльытапхъэ: зы псалъэм и кІэухри ныкъуэлъыкІуэм и щІэдзапІэщ. Щапхъэ: мэжьу - къуэш...

Зэхэзыльхьар
МЫЗ Ахьмэдщ.

Дыгъэгъаззм и 6-м ди газетым тета псалъэзэблэдзым и зэуапхэр:

ЕкъуэкІыу: **1.** Ташло. **6.** «ПкІаУэ». **10.** Цыджан. **12.** Лусанэ. **13.** Ермэлы. **14.** Хуарз. **15.** ЩхьэлыкІуэ. **18** Пшыхь. **22.** Жьлъэ. **23** «Гъуаз». **25** Кхьу Іуфэ. **27.** ІъуапІэ. **28** «ЩІыхь». **29.** Сэмэхуэ. **32.** «Пісей». **33.** Мажжьэ. **34** Кьады. **39** ШкІэщ. **40** Андемыр. **43.** Хьуэжь. **46.** «Нартан». **47.** ХьэфІыщІэ. **48.** Бысым. **49** Этикэ. **50.** Шушэс.

Кьежьу: **2.** Акъсэрэ. **3.** Іланэ. **4.** «Дыркъу». **5.** Пащты. **7.** Кіарц. **8.** Унэмшэ. **9.** Уладжэн. **11.** ЩІыкъуэ. **16.** Хьэлу. **17.** Кьудан. **19.** Ажэгъуэмэ. **20.** Бэгъуэтыж. **21.** Кьэжэр. **24.** Альтес. **26.** Дым. **30.** Бжьыщ. **31.** Жасы. **35.** Пшыпэ. **36** Хьэжрэт. **37.** Мэшыкъуэ. **38.** ДЭэч. **41.** Дыжьын. **42** Марыхьу. **44** Танк. **45.** Шэру.

●ХъыбарегъащІэ

УэрэджыІакІуэм фрегъэблагъэ

Урысей Федерацэм щІыхь зиІэ и артист. Кьэбардей-Балъкъэр Республикэм и Музыкэ театрым и дирижер щІалэ ЩІыкІ Валерэ, Ташло Алий, уэрэджыІакІуэ пажэхэу Кьапырэ Мухьэмэд, Мамбет Мадинэ, Къумыкъу Мухьэдин, Мэз Джульеттэ сымэ, КъБР-м гъэздэжьхэмкІэ щІыхь зиІэ и лэжьакІуэ Бекъул Леонид зи унафэщІ «Бжьамий» ансамблыр. Пщыхьэщхьэр кьызэгъэпэщыным елэжьащ режиссер Сафаровэ Тамарэр театрым и дирижер нэхъыщхьэ икІи художественэ унафэщІ Щэбэтыкъуэ Натбийр.

Музыкэ театрым щекІуэкІыну концертым щыкІуэр билетыншэу щІагъэхьэнущ. Ар щІидзэнущ сыхьэт 18-м.

Урысей Федерацэм ЩЭныгъэхэмкІэ и Академием и Кьэбардей-Балъкъэр щЭныгъэцІрыпм прикладной математикэмкІэ и щЭныгъэ-кьэхутэкІуэ институтым зэпеуэ ирегъэкІуэкІ Бжьгъэ кьутахуэхэмкІэ отделым и щЭныгъэ лэжьакІуэ пэрытым и кьулькъум игъэувынур кьыхэхьыным теухуауэ.

ЗЭПЕУЭМ щытекІуам зэгурыІуныгъэ иращІыІэри лэжьащІэ кьащтэ.

Ди адресыр: **360000, КъБР, Налшык кьалэ, Щортэным и уэрам, 89 «А».** Телефонхэр: **42-64-17, 42-66-61.**

НапэкІуэцІыр зыгъэхьэзырар ЩХЬЭПЩЭМЫЩІ Изэщ.

Редактор нэхъыщхьэ ХЬЭФІЫЩІЭ Мухьэмэд

РЕДАКЦЭМ И КОЛЛЕГИМ ХЭТХЭР

ЖьэкІэмыхьу Маринэ (редактор нэхъыщхьэм и къуэдзэ), **Ширдий Маринэ** (редактор нэхъыщхьэм и къуэдзэ), **Гъурыжь Мадинэ** (жэуап зыхь секретарь), **Жылаеэ Маритэ, Льостэн Муэ, Ныбжьк Таисэ, Уэрдокъуэ Жансурэт, Хьэжькъарэ Алик, Шал Мухьэмэд.**



ДИ ХЭЩІАПІЭР

360030, Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэ, Налшык кьалэ, Ленины и цІкІэ ЩыІэ уэрам, 5, ебгъуанэ - епщІанэ кьатхэр.

ТЕЛЕФОНХЭР: редактор нэхъыщхьэм, секретарым - 42-56-19; редактор нэхъыщхьэм и къуэдзэхэм - 47-31-54, 47-33-23; жэуап зыхь секретарым - 42-22-82; секретариатым - 42-22-66.

КЬУДАМЭХЭМ: политикэмкІэ, жылагъуэмрэ лъэныкъ Іуэхугъэмкіэ - 42-22-86; кьуажэ гъашІэмрэ экономикэмкІэ - 47-22-63, 42-57-59; щэнхабзэмкІэ - 42-75-36; обозревателхэм - 42-22-89; хабзэхьумэ Іуэхугъащ1апІэхэм ядэлэжьэныкІэ - 42-60-53; хъыбарыщІэхэмкІэ, спортымрэ письмохэмкІэ - 42-22-88; егъэджэныгъэмрэ щІэныгъэмкІэ - 42-63-64, 47-32-15; зэдзэкІакІуэхэм - 42-21-88; корректорхэм - 42-60-27; бухгалтерием - 47-31-69; ЭВМ-м и операторхэм - 42-22-84; компьютер Іуэхущ1апІэм - 42-26-41; суэттехым - 42-75-78.

Тедджэ тхыгъэхэм кьыщыхьа бжьыгъэхэм, кьыщаІэта Іуэхугъуэхэм я пэжагъымкІэ аэр зытхаэм нэсу жэуап яхь. Авторхэмрэ редакцэмрэ я Іуэху ель